



Èd Lajan Kach pou abitan Massachusetts ki gen Andikap

Mete sou entwodiksyon sa a, nou konseye w li enfòmasyon ki nan lyen Pou plis enfòmasyon yo (“Sources and for More Information”) **epi pale sou sitiyasyon w ak ajan sosyal ou oswa moun ki ap ede w la.**

Asirans andikap pou sekirite sosyal (Social Security Disability Insurance, SSDI)

Dirije pa Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) - aplike nan biwo SSA ki nan zòn ou an.

Elijiblite SSDI

- **Palmar ès travay - pou ou ka genyen "stati asirans" ou dwe genyen eksperyans travay:**
 - nan djòb kote ou te peye taks jan Ak kontribisyón asirans Federal (Federal Insurance Contributions Act, FICA) mande sa EPI
 - pou omwen yon **kantite tan** (kantite an fonksyon de laj ou) EPI
 - yon kantite nan travay sa a dwe se te **dènyeman**.
- **Gade si palmar ès travay ou ap pèm èt ou kalifye:** SSA Disability Benefits brochure at socialsecurity.gov/pubs/EN-05-10029.pdf (pages 2-3).
- **Andikap – SSDI defini andikap** kòm yon kondisyon:
 - **yo atann ki dire omwen 12 mwa oswa ki mennen nan lanmà**
 - **ki anpeche w angaje nan Aktivite k ap ede w byen jwenn sa w bezwen “Substantial Gainful Activity (SGA)”**. Si w ka travay e genyen plis pase kantite SGA a, yo **PAP** konsidere w kòm yon moun ki andikape ki pou SSDI ak SSI. An 2024, si w touche plis pase \$1550 pa mwa (oswa \$2590 pa mwa si w avèg) yo **pap** konsidere w kòm yon moun ki andikape.
 - **se yon kondisyon ki grav anpil** jan sa parèt nan youn nan liy anlèyo
 - **Alokasyon pou Konpasyon-** Moun ki genyen maladi ki grav oswa kansèki ra, kapab jwenn rezulta andikap yo a "ak yon swivi rapid". Gade **lis alokasyon pou konpasyon a an antye sou:** socialsecurity.gov/compassionateallowances/conditions.htm. (Nòt: Alokasyon pou Konpasyon pou rezulta andikap yo ki resevwa yon swivi rapid; **pap** elimine peryòd atant 5 mwa SSDI an. Aprann sou avantaj peryòd atant **SSDI an** anba a.)
 - **Maladi grav ki nan Lis la-** Si kondisyon maladi ou a menmjan ak youn nan maladi ki nan lis maladi grav yo, ou ap konsidere andikape (epi ou pap genyen pou ale pi lwen nan pwosesis pou jwenn rezulta andikap la) Gade nan lis "Blue Book" lan: socialsecurity.gov/disability/professionals/bluebook/listing-impairments.htm.

- Nan ka kote ni Alokasyon pou Konpasyon ni list Blue Book la pa bay rezulta, ou kapab toujou gen mwayen pou pwouve ou andikape, men ou ap genyen pou ou pase nan etap anplis. Gade nan **Sous ak pou Plis Enfòmasyon** nan fen seksyon an pou plis detay.
- **SSDI PA baze sou pwoblèm kòb.** Ou kapab kalifye k èkeswa k òb ou genyen ki sere oswa envestisman ou fè Li sou Aktivite Sal è Sibstansyòl yo nan pati anlèa pou jwenn enfòmasyon sou revni ki soti **nan sal è**

Avantaj SSDI yo

- Avantaj SSDI yo baze sou kesyon laj ak revni finansye. Ou kapab jwenn yon estimasyon sou benefis p èson òl ou yo sou ssa.gov/myaccount/ oswa rele nan 800-772-1213.
- **Siw resevwa avantaj, madanm ou, pitit ou ke gen laj min èak/oswa pitit ou ki gen laj maj èki andikape ap elijib pou jwenn avantaj tou.** Mande SSA enfòmasyon konsènan avantaj moun ki sou kont ou yo.
- **Peryòd 5 mwa pou det èmine si ou elijib SSDI a PAP peye avantaj pou senk premye mwa ou andikape yo.** SSA ap det èmine yon **dat pou kòmansman** adikap ou a (dat ou te vin andikap la) Premye p èman SSDI an pou sisyèm **mwa** konplèapre dat kòmansman andikap la.
 - **Avantaj Sosyal:** Malerezman, akoz tan pou det èmine andikap la ki long, sa ka rive ou resevwa premye p èman an apre yon bon tan. Nan ka sa a ou ap resevwa p èman pou tout avantaj yo dwe ou yo. Men pa blyie ou pap resevwa okenn p èman pou peryòd 5 mwa pou det èmine si ou elijib la.

Pou aplike pou SSDI

- **Rele Administrasyon Sekirite Sosyal la nan 800-772-1213 pou pran yon randevou prezansyòl pou aplike nan biwo Sekrite Sosyal ki nan zòn ou an.** Si w gen yon andikap ki mande pou yo ta fè yon amenajman pou w ka deplase e fè yon seri lòt bagay pi fasil, mande yon randevou nan telefòn. Yon lòt moun ka kòmanse ranpli aplikasyon an pou ou, men w ap bezwen siyen l.
- **Ide**
 - **Menmkan ou kapab aplike sou entènèt, nou konseye ou aplike an pèsòn oswa nan telefòn.** Sa ba ou chans pou ou poze kesyon, pou ajan Sekirite Sosyal la gide ou, epi kapab ofri ou pi bon chans pou aplikasyon ou an apwouve nan yon fason ki apwopriye.
 - **Pa pèdi tan - SSDI** kapab peye avantaj ki te la deja (pou sa yo ou te elijib pou yo avan ou te aplike). men s ñman sa ki pa depase 12 mwa ki pase yo.
 - **Asire w ou voye tout rapò medikal ak tout dokiman yo alè** Nan Rapò Andikap la asire w ou mete Mass General Hospital. Sekirite Sosyal la apre sa pral mande Sèvis Enfòmasyon Medikal nou an (depatman dosye medikal) pou voye pou yo yon kopi elektwonik dosye medikal ou a. Mande doktèou yo pou reponn nenpòt sa SSA mande epi cheke pou konfime si yo genyen.
 - **Plan pou fèapò -** aplikasyon yo souvan pa apwouve nan premye fwa ou aplike a epi apre sa vin apwouve lèou fèapò.

Sous ak pou Plis enfòmasyon:

- *Avantaj pou Andikap*, SSA Nimewo Pibliye 05-10029, August 2022 - ssa.gov/pubs/EN-05-10029.pdf
- *Asirsans Sekirite Sosyal pou Andikap: A Primer*, AARP Public Policy Institute, assets.aarp.org/rgcenter/econ/i28_ssdi.pdf.

- Enstriman pou Kòmanse pou Granmoun ki Andikape- ssa.gov/disability/disability_starter_kits_adult_eng.htm
(Espanyòl: ssa.gov/disability/SP_dib_starter_kits_adult.htm)
-

Revni Sekirite Siplement è(Supplemental Security Income, SSI)

Dirije pa Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) - aplike nan biwo SSA ki nan zòn ou an.

Elijiblite SSI

- **Ou PA gen bezwen pou peye nan sistèm sekirite sosyal la pou ou kalifye nan avantaj SSDI yo** (so pou kék gress imigran). Fon SSI yo soti nan revni taks jeneral yo.
- **Kategori ki elijib:** Ou dwe andikape, avèg, oswa omwen gen 65 an. SSI ak SSDI itilize menm pwoesisis pou pwouve si ou andikape. Aprann plis sou seksyon SSDI ki pi wo a.
- **Elijib finansy èman:** SSI se yon pwogram ki baze sou bezwen ak limit sou revni ak byen.
 - **Elijiblite finansye pou GRANMOUN (ak kantite lajan avantaj lan):**
 - **Byen/resous- limit byen ki** kapab konte: \$2,000 pou yon sèl moun ak \$3,000 pou yon koup. Mande yon moun ki ap travay nan Administrasyon Sekirite Sosyal la (SSA) oswa gade nan **Sous ak Plis Enfòmasyon** nan fen seksyon sa a pou plis detay sou ki byen ki (oswa ki pa) kapab kontwole.
 - **Revni: Revni ki kapab konte** an dwe anba nivo maximòm pènan pou sitiyasyon ou an (sa depann selon kategori elijiblite ou ak sitiyasyon ou ap viv). Gade nan masslegalhelp.org/disability/how-much-ssi pou nivo maximòm pènan pou sitiyasyon ou a spesyalman.
 - ◆ Paske Massachusetts konplete peman SSI federal la, sèvi ak kantite lajan pènan **kombine** a pou estime limit revni ou.
 - ◆ Lyen anlèa ap ba ou yon estimasyon, men **sonje genyen kék revni ki pa kontwole, kidonk ou kapab genyen revni ki depase kantite lajan sa yo epi toujou kalifye.**
 - **Elijiblite finansye pou TIMOUN:**
 - **Byen/resous- limit byen ki** kapab konte:
 - ◆ Timoun ki andikape ki ap viv ak 1 sèl paran \$4000 (\$2000 yo chak)
 - ◆ Timoun ki andikape ki ap viv ak tou de paran yo \$5000 (\$2000 pou timoun lan, \$3000 pou paran yo)
 - ◆ Mande yon moun ki ap travay nan Administrasyon Sekirite Sosyal la (SSA) oswa gade nan Sous ak Plis Enfòmasyon nan fen seksyon sa a pou plis detay sou ki byen ki (oswa ki pa) kapab kontwole.
 - **Revni:** Èske ou se yon paran ki gen yon timoun ki gen laj pi ba pase 18 an? Si se wi, anviwon mwatye nan revni ou antre yo (byen) pap kontwole. Paske yo pa pran an konsiderasyon revni sa a, menm timoun ki soti nan fanmi klas mwayèn yo kapab elijib. Revni pou elijib pou timoun yo se yon kalkil ki konplike. Pou plis detay mande yon moun ki ap travay nan SSA epi/oswa gade nan Sous ak pou Plis Enfòmasyon.
 - **Stati Sitwayen**
 - **Imigran ki san papye yo pa elijib.**
 - **Refijye, moun ki sou azil** ak moun ki pa gen depòtasyon sou do yo kapab elijib pou 7 premye ane yo te resevwa stati yo.

- **Kèk lòt imigran ki legal dwe ap travay epi te peye taks Sekirite Sosyal** pou yon kantite tan epi anplis yo dwe tap viv nan Etazini pou omwen 5 lane. Règ yo konplike. **Tanpri pale sou sa ak yon avoka ki gen eksperryans nan elijiblite avantaj pou imigran.** Ou kapab gade tou nan Sous ak pou Plis Enfòmasyon.

Avantaj SSI

- **Lèavantaj yo kòmanse- Ki diferan ak SSDI, pi bon èou kapab elijib pou SSI se nan premye mwa apre ou fin aplike a,** menm si ou te andikape oswa gen 65 an oswa depase. **Kidonk, aplike pi bon èposib.** Sepandan, souvan fwa sa pran anpil tan pou Sekirite Sosyal apwouve aplikasyon an epi kòmanse pènan an. Otomatikman ou apwouve, yo ap peye w tout mwa yo dwe ou.
- **Kantite avantaj-** Pou ou kapab kalkile avantaj ou a, mwens tout revni ki ka kontwole yo soti nan nivo pènan sitiyasyon ou ap viv lan. Diferans lan se yon estimasyon avantaj ou a. Gade nan masslegalhelp.org/disability/how-much-ssi pou nivo maxim òm pènan pou sitiyasyon ou a spesyalman.

Pou aplike pou SSI

- **Nou rekòmande w aplike an pèsòn oswa pa telefòn pou w ka poze kesyon.**
- **Rele Administrasyon Sekirite Sosyal la nan 800-772-1213** pou pran yon randevou pou ou aplike an pèsòn nan biwo Sekirite Sosyal ki nan zòn ou an. Si w gen yon andikap ki mande pou yo ta fè yon amenajman pou w ka deplase e fè yon seri lòt bagay pi fasil, mande yon randevou nan telefòn. Yon lòt moun ka kòmanse ranpli aplikasyon an pou ou, men w ap bezwen siyen l.
- **Aplike pi bon èsa posib.** Si yo apwouve w pou SSI, y ap kòmanse peye w pansyon mwa ki vin apre ou te fè aplikasyon an, yo pap peye w anvan menmsi ou te andikape oswa ou te gen plis pase 65 anvan sa.

Sous ak Pou Plis Enfòmasyon

- *Revni Sekirite Siplement è(Supplemental Security Income, SSI) SSA Biblikasyon nimewo 05-11000, May 2023 - ssa.gov/pubs/11000.html*
- *Enstriman pou Kòmanse pou Granmoun ki Andikape- ssa.gov/disability/disability_starter_kits_adult_eng.htm (Spanish: ssa.gov/disability/SP_dib_starter_kits_adult.htm)*
- *Enstriman pou Kòmanse pou Timoun (SSI)- ki genyen pi piti pase 18 an- ssa.gov/disability/disability_starter_kits_child_eng.htm (Espanyòl: ssa.gov/disability/SP_dib_starter_kits_child.htm)*

Èd pou Fanmi ki gen Ptit sou Kont yo ka fè Tranzisyon (Transitional Assistance to Families with Dependent Children, TAFDC)

TAFDC (YANF nan lòt eta) se asistans pou yon tan ak lajan kach pou fanmi ki gen timoun men ki pa genyen gwo revni. Si w ansent oswa ou gen pitit, ou kapab kalifye. Ou **pa** bezwen andikape pou ou kapab kalifye, men moun ki ge andikap yo pa oblige ranpli kondisyon travay yo epi yo kapab resevwa avantaj yo apre dat limit nòmal yo.

Elijibilite TAFDC

- **Kategori ki elijib**

- Adolesan ki ansent (ki gen mwens pase 18 an) ki ranpli egzijans ale lek ò la OSWA
- Moun ki ansent (ki gen 18 an ak depase) nan fen 120 jou ansent yo OSWA
- Fanmi ki gen pitit ki gen mwens pase 18 an (oswa ki gen 18 an e ki se yon etidyan aplentan)

- **Elijiblite finansye**

- **Revni-** Ou dwe genyen revni ki ba. Fason pou ou elijib av èk revni ou twò konplike pou nou esplike sa la. Sonje genyen revni ki pa ka kontwole, ki gen ladan revni nenpòt manm nan fanmi an ki resevwa SSI. Gade nan Sous ak pou Plis Enfòmasyon.
- **Byen yo-** apati 1ye Oktòb, 2021, TAFDC pa gen limit byen ank à

- **Lòt egzijans pou ou elijib**

- **Ou dwe yon abitan nan Massachusetts.**
- **Stati kòm imigran-** imigran ki pa gen papye pa elijib, men pitit yo ki sitwayen kapab elijib. Refijye yo, moun ki mande azil yo ak rezidan ki stab ki te refijye avan sa oswa te resevwa azil yo (ak k èk lòt moun) kapab elijib san yon peryòd datant. Lòt imigran ki legal yo jeneralman pa elijib nan premye senk lane yo te resevwa stati sa a. Genyen eksepsyon tankou viktim vyalans domestik yo ak k èk veteran, av èk lòt ankò. Si ou se yon imigran legal ki nan yon fason ou elijib, men ou nan premye 5 lane ak stati sa a, ou kapab elijib pou EAEDC; Gade nan seksyon sa anba a. **Fason pou imigran yo elijib konplike anpil; nou konseye w diskite sitiayson inik ou an av èk ajan sosyal ou an oswa ak yon avoka ki gen eksperyans, ak konesans sou sa.**

Avantaj TAFDC yo

Kantite avantaj ou yo baze sou revni ou yo ki kapab kontwole, kantite moun ki ap viv lakay ou, si wi oswa non ou ap viv nan yon kay ki sibvansyone, epi si wi oswa non ou pa eggante pou egzijans travay yo. Pou chak kategori, gen yon Mezi Pèman, ki se pi gwo kantite pèman ak kòb kach kay la nan kategori sa kapab jwenn. Mezi pèman pou moun ki egzante pou egzijans travay yo ki ap viv nan kay ki pa sibvansyone yo se \$688/pa mwa pou yon fanmi ki gen 2 moun epi \$823/pa mwa pou yon fanmi ki gen 3 moun (nan 2023). **Kantite ou pral resevwa chak mwa a se Mezi Pèman pou kategori ou a, mwens revni egzakt ki ka kontwole ou a.** Pi gwo avantaj sa a pi piti pase nivo povrete federal la.

Pou ou aplike pou TAFDC

Aplike nan biwo Depatman Èd pou tranzisyon (Department of Transitional Assistance, DTA) Moun kap aplike yo kapab aplike anliy pa mwayen DTACConnect: dtaconnect.eohhs.mass.gov/ oswa jwenn yon biwo ki nan zòn ou nan: mass.gov/orgs/department-of-transitional-assistance/locations oswa rele nan 800-249-2007.

Sous ak pou Plis enfòmasyon:

- *Gid defans TAFDC*, Massachusetts Law Reform Institute, masslegalservices.org/content/2019-tafdc-advocacy-guide-0
- *Rapò ogmantasyon avantaj TAFDC ak EAEDC yo* Depatman Èd pou tranzisyon: mass.gov/doc/tafdc-and-eaedc-benefit-increase-report/download, Janvye 2021

Èd ann ijans pou moun ki aje, ki andikape ak timoun (EAEDC)

EAEDC se yon pwogram Massachusetts ki ede moun ki gen revni ki piti anpil ak ki pa resevwa TAFDC, SSI, oswa lòt avantaj menm jan an, jwenn yon ti k òb.

Elijiblite pou EAEDC

- **Kategorik- Genyen yon bon kantite kategori pou kapa elijib, men nou ap konsentre sou andikap.**
 - **Kantite tan andikap la-** EAEDC mande pou andikap la prezan depi omwen 60 jou. Sa pi kout pase 12 mwa (oswa ki ka rive nan lanm ò) SSI ak SSDI mande a.
- **Finans**
 - **Revni-** Limit revni an depann de sitiyasyon ou ap viv la- konbyen moun ki ap viv av èk ou oswa si ou ap viv ak moun ki resevwa EAEDC oswa TAFDC. Pou moun ki pap viv ak madanm oswa mari yo ki fèdemann pou EAEDC oswa timoun ki resevwa TAFDC, limit revni ki kapab kontwole a se \$334.10/pa mwa pou yon gress moun oswa \$434.70/pa mwa pou yon fanmi ki genyen 2 moun (ajoute \$100 pou chak gress moun ki ta genyen anplis).
 - **Byen yo-** apati 1ye Okt òb, 2021, EAEDC pa gen limit byen ank ò.
- **Ou dwe yon abitan nan Massachusetts.**
- **Stati imigran-** ou dwe genyen yon stati imigrasyon legal ki ka verifye gras ak dokiman, men r èg yo mwens strik pase lòt pwogram yo. Pa genyen "nivo 5 an" pou resevwa avantaj ak stati legal pou yon tan pou moun ki gen stati legal stab yo kapab kalifye (tankou moun ki genyen Stati Pwoteje Tanpor èman yo).
- **Ou kapab tou, pa elijib pou SSi*, TAFDC, Konpansasyon pou moun ki pap travay, ak s èvis pou Veteran yo.**

*Ou kapab resevwa EAEDC a pandan w ap tann SSI a. Si ou apwouve pou SSI a, yo ap retire kantite ou resevwa pou EAEDC a pou rem èta a.

Avantaj EAEDC yo

Avantaj yo limite anpil; pi gwo avantaj EAEDC yo pi piti pase 1/3 nivo povrete federal la. Kantite avantaj la, menmjan ak elijiblite a, depann de fason ou ap viv la. **Mwens kantite egzakt revni ou ki ka kontwole yonan Mezi pou Asistans lan pou kapab gen yon ide sou kantite kòb avantal EAEDC a ye pa mwa.**

Kantite avantaj pou yon moun **ki pa genyen revni ki kapab kontwole** ki pap viv ak yon madanm oswa mari ki genyen EAEDC oswa yon timoun ki genyen TAFDC, se \$401.00/pa mwa pou yon gress moun oswa \$521.70/pa mwa pou yon fanmi ki gen 2 moun (ajoute \$100 pou chak gress moun ki ta genyen anplis). Nenp òt revni ki kapab kontwole ap retire nan kantite s yo. Moun ki nan lòt sitiyasyon ap resevwa mwens pase sa.

Pou aplike pou EAEDC

Aplike nan biwo Depatman Èd pou tranzisyon (Department of Transitional Assistance, DTA) Moun ki ap aplike yo kapab aplike anliy pa mwayen DTACConnect: dtacconnect.eohhs.mass.gov/ oswa jwenn yon biwo ki nan zòn ou nan: mass.gov/orgs/department-of-transitional-assistance/locations oswa rele nan 800-249-2007.

Asire w ou siyen ak ou mete dat yon demann premye fwa w ale nan biwo DTA a, menmsi pa gen okenn moun ki disponib pou ede w ranpli l jou sa a. Si yo wèou elijib, yo ap dwe ou tout avantaj kòmanse apati jou ou siyen fòm lan.

Si ou menm pèn ñman pa kapab ale nan biwo DTA a, yon lòt moun kapab ale nan plas ou. Ou sipoze siyen nan yon lèt pou bay moun sa pèmisyon pou aplike pou ou. Rele biwo DTA a avan pou asire ou moun ki ap ede ou a genyen tou enfòmasyon li ap bezwen yo.

Sous ak Pou Plis Enfòmasyon:

- *Gid defans EAEDC*, Massachusetts Law Reform Institute, masslegalhelp.org/income-benefits/eaedc-advocacy-guide
 - *Rapò sou ogmantasyon pansyon TAFDC ak EAEDC*, Depatman èd pou tranzisyon: mass.gov/doc/tafdc-and-eaedc-benefit-increase-report/download, Janvye 2021
-

Èd pou Aplike ak Lòt Fòm Èd

Moun ki gen ti revni ka elijib tou pou lòt kalite èd. Si ou genyen yon revni ki ba anpil, ou kapab elijib pou lòt fòm èd. Ou kapab kalifye pou èd manje nan SNAP, asirans lasante ki pa koute chè asistans pou gaz machin, prèlajan san oswa ak yon tikal enterèpou modifye kay pou mete li nòmal, konsa tou kay ki sibvansyone (menmsi lis datant lan long). Si ou vle travay, ou kapab kalifye pou resevwa edikasyon ak fòmasyon ki soti nan Mass la. Komisyon pou reyabilitasyon. Yon Independent Living Center ka ofri enfòmasyon ak rekòmandasyon pou sèvis sa yo ak lòt sèvis epi li kapab ede avèk aplikasyon yo.

Independent Living Centers (ILCs) yo rele tou Centers for Independent Living (CILs). ILCs yo disponib nan tout kote nan eta a (ak peyi a) epi se moun ki gen andikap ki ap dirije yo epi yo fòt pou yo tou. Yo ka ofri w konsèy sou yon pakèt sijè. Yo ka menm ede w ranpli aplikasyon yo.

Jwenn yon Sant pou moun viv endepandan toupre w:

- Nan Massachusetts - masilc.org/findacenter
- Nan lòt eta - ilru.org/html/publications/directory/index.html